



Pou Piblikasyon Imedya: 17/05/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TWA NOUVO SIT VAKSINASYON TANPORÈ AN KOLABORASYON AVÈK MTA APRE SISKÈ PWOGRAM PILÒT LA**

***5,701 dòz te administre soti 12 rive 16 me nan uit lokal ki te lanse pwogram lan***

***MTA a pral bay yon Kat Metwo pou sèt jou gratis oswa yon tikè vwayaj ale-retou LIRR pou moun ki vaksinen nan sit yo***

***Tout sit yo ouvri pou vaksinasyon san randevou sou baz yo sèvi moun ki vini anvan yo; Anplwaye MTA yo ka vaksinen nan sit yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a twa nouvo sit vaksinasyon tanporè an kolaborasyon avèk MTA (Otorite Transpò Metwopoliten), k ap elaji pwogram reyisi ki te [lanse](#) nan 12 me pou pote vaksen COVID-19 la nan arè estasyon MTA yo nan Vil New York, Long Island ak rejyon Mid-Hudson yo. Nouvo sit tanporè yo pral sitiye nan estasyon annapre yo: 125th Street nan Manhattan, Sutphin Boulevard-Archer Avenue-Ayewopò JFK nan Queens, ak estasyon tren Hicksville LIRR (Chemen de fè Long Island). Sit tanporè ki egziste nan pwogram lan te administre 5,701 dòz soti 12 rive 16 me.

Sit yo sèvi jiska 300 vizit san randevou pa jou sou baz yo sèvi moun ki vini anvan yo, k ap itilize dòz vaksen Johnson & Johnson lan. MTA a bay ankourajman pou vaksinen nan sit yo, ki enkli yon Kat Metwo (MetroCard) sèt jou gratis oswa tikè ale-retou Long Island Rail Road (LIRR). MTA te fè patenarya avèk Swen Kominotè SOMOS (SOMOS Community Care) ak Northwell Health sou sit yo. Anplwaye MTA yo ka vaksinen nan sit yo.

"Plis Nouyòkè ap pran vaksen chak jou, men pousantaj vaksinasyon an ap ralanti epi nou dwe kreyatif pou kontinye bay piki", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Ankourajman tankou sa yo ke MTA te ofri se zouti enpòtan nou kapab itilize pou atenn Nouyòkè ki poko pran vaksen yo, epi yo te rive etabli nan uit nan lokal ki te ouvri anvan yo. N ap konstwi sou siksè sa a pou lanse twa nouvo sit vaksinasyon tanporè nan arè estasyon MTA yo, k ap elaji pòte nou plis toujou epi amelyore aksè pou vaksen an nan rejyon sid New York".

Mwen ankouraje moun k ap planifye pou vaksinen yo pou prevwa plis tan nan deplasman yo pou adapte yo ak pwosesis vaksinasyon an.

"Adisyon nouvo sit sa yo se bon nouvèl pou kliyan, anplwaye nou yo ak pou New York", **Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Pat Foye te deklare.** "Sit sa yo pral ede nou bay plis vaksen toujou amezi y ap vini atravè sistèm MTA a - epi kontinye efò nou pou ede gide rekipasyon rejyon an de pandemi an nan moman enpòtan sa a. Nou pa ka tann pou bay plizyè milye moun anplis piki epi nou remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip li."

Lè operasyon twa nouvo sit yo disponib anba a:

**125th Street (Manhattan)**

Ouvri: 8 AM - 1 PM

**Sutphin Boulevard-Archer Avenue-Ayewopò JFK (Queens)**

Ouvri: 8 AM - 1 PM

**Hicksville (LIRR)**

Ouvri: 2 PM - 7 PM

Gen mesaj dijital k ap pase sou plis pase 12,000 ekran nan estasyon MTA yo, sou machin tren, ak bis yo pou fè pwomosyon lokalizasyon sit yo ak lè operasyon yo. Y ap difize kontni piblisite a pou plis pase 3 milyon abone atravè platfòm rezo sosyo MTA yo. Y ap pwodui siyalizasyon pou bay direksyon epi afiche yo nan sit tanporè estasyon yo pou ede asire bon jan sikilasyon. Enfòmasyon yo ap disponib tou sou [sitwèb MTA](#) a.

Nan 16 me, Gouvènè Cuomo te anonse [kat sit vaksinasyon tanporè nan arè estasyon MTA](#) yo pral kontinye fonksyone rive samdi 22 me apre siksè pwogram pilòt la. Arè a gen ladan:

**Koridò Penn Station ki nan 34th Street la**

Ouvri: 3 PM - 8 PM

**Grand Central Terminal - Vanderbilt Hall**

Ouvri: 8 AM - 1 PM

**East 180th Street (Bronx)**

Ouvri: 8 AM - 1 PM

**Broadway Junction (Brooklyn)**

Ouvri: 3 PM - 8 PM

Kolaborasyon sa ak MTA ajoute sou efò Eta New York kontinye fè pou rann vaksen COVID-19 la pi aksesib. Nan dat 27 avril, Gouvènè Cuomo te anonse ke apati 29 avril, tout sit vaksinasyon an mas eta yo ap ouvè pou vizit san randevou, yon kontinite nan efò pou rann li pi fasil pou Nouyòkè yo vaksinen. Anplis, yo ankouraje tout founisè vaksen yo pou pèmèt vizit san randevou epi elimine lòt baryè pou vaksinasyon yo pou Nouyòkè ki kalifye yo.

[Tablodbò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodbò a pou refflete mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele kounye a nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan [STOPVAXFRAUD@health.ny.gov](mailto:STOPVAXFRAUD@health.ny.gov). Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans envestigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki kalifye a.

Eta New York kontinye ouvri sit vaksinasyon kominotè tanporè nan kominote ki defavorize atravè eta a. Depi 15 janvyè, plis pase 200 sit kominotè tanporè te administre plis pase 77,000 premye dòz nan vaksen kont COVID-19 la.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)